



Pou Piblikasyon Imedya: 09/10/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE OUVÈTI YON NOUVO SANT VIZITÈ NAN PREZÈVASYON PAK ETA MINNEWASKA

Sant lan pral akeyi vizitè yo epi entwodwi yo nan prezèvasyon ki evalye a 9,712 ekta a

Inisyativ NY Parks 2020 ogmante investisman piblik-privè pou modènize pvtay prezèvasyon Pak Eta Minnewaska a

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ouvèti yon nouvo sant vizitè nan Prezèvasyon Pak Eta Minnewaska (Minnewaska State Park Preserve) nan Shawangunk Ridge la. Yon patenarya piblik-privè ak Open Space Institute (OSI) te kreye etablisman modèn ki bay sou Lake Minnewaska pou akeyi ak gide vizitè yo k'ap rive pou eksplòre prezèvasyon ki evalye a 9,712 ekta a epi bay ekipman piblik ak espas edikasyon ak pwogramasyon. Pwojè a te enstale enstalasyon modèn ki nesèsè pou akeyi dè santèn milye vizitè nan pak ki nesèsè depi administrasyon Gouvènè Mario Cuomo a te achte sit la nan men yon ansyen otèl touristik an 1987. Nouvo sant vizitè a kouvri yon investisman piblik-privè ki gen plizyè faz ki evalye a 27 milyon dola pou modènize pòtay Prezèvasyon Pak Eta Minnewaska a dapre inisyativ NY Parks 2020 Gouvènè Cuomo a.

"Prezèvasyon Pak Eta Minnewaska a se youn nan gwo trezò natirèl New York yo, ki ofri panorama enkonparab ak vas espas ouvè pou eksplòre", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nouvo sant vizitè sa a se yon ogmantasyon esansyèl nan pak destinasyon sa a ki pral pèmèt yon nouvo jenerasyon vizitè an antye pi byen apresye bote inoubliyab ak istwa rich Minnewaska genyen pou li ofri."

"Nan New York, nou vle rezidan yo ak vizitè yo fè eksperyans tout atraksyon ak resous natirèl ke nou genyen pou ofri yo", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Ouvèti nouvo sant vizitè sa a nan Prezèvasyon Pak Eta Minnewaska a pral sèvi kòm yon pòtay pou vwayajè yo, sa ki pral bay ekipman ak pwogram pou eksplòre prezèvasyon 9,712 ekta a. Pwojè a se yon pati nan efò jeneral nou yo pou amelyore ak modènize enstalasyon toupatou nan eta a, ede ranfòse endistri touris la epi kontinye rebati pi byen e ranfòse ekonomi New York la."

Eablisman 5,400 pye kare a pral:

- ede vizitè yo navige vas rezo pak la nan santye ki estime a 80.46 km ak wout charyo ki estime a 56.32 km;
- ankouraje bon jesyon anviwònman ak vizit ki pa gen anpil enpak;
- bay pwogram edikatif ak ekspozisyon atizay nan anviwònman ak istwa pak la;
- ofri yon patyo deyò a ki bay sou Lake Minnewaska;
- ofri yon kote pou chofe pandan tan fred; ak
- ofri twalèt piblik ak dlo pou bwè.

Komisè Pak Eta yo, Erik Kulleseid te deklare, "Kòm plis moun pi plis chaj jou ap dekouvri majeste nan Prezèvasyon Pak Eta Minnewaska a, li te enpòtan bay yon etablisman piblik modèn pou akeyi vizitè k'ap rive yo. Nouvo sant vizitè a pral ede envite nou yo jwi yon eksperyans ki pi pwofon epi ki pi anrichisan, ede mete aksan sou byen lwazi pak la gen pou li ofri, epi ankouraje yo pou pratike bon jesyon anviwònman. Mwen trè rekonesan anvè Gouvènè Cuomo ak patnè nou yo aske yo ede fè sant vital sa a vin yon reyalite".

Kim Elliman, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Open Space Institute, te deklare, "Finisman Sant Vizitè Lake Minnewaska ke yo t'ap tann cepi lontan se yon pwojè fa nan Open Space Institute ki kouwòne istwa 40 ane nou an nan agrandi pak sa a epi fè li pi akeyan ak agreyab pou vizitè yo. OSI fyè de akonplisman kapital sa a ak wòl nou te jwe nan konsepsyon bilding ki bay enspirasyon sa a ak espas enteryè, sipòte konstriksyon li an, ak kreye ekspozisyon ki matche ak esplandè sit sa a epi ki pral reyose eksperyans jeneral piblik la isit la nan pak sa a ke yo renmen anpil la. Mwen felisite Gouvènè Cuomo, Komisè Kulleseid, ak anplwaye pak la isit la nan Minnewaska pou akonplisman fòmidad sa a epi mwen ofri remèsiman sensè mwen yo bay anpil sipòtè OSI yo ki te fè don nan pwojè sa a, ansanm ak kòlèg parèy mwen yo, pase ak prezan, ke vizyon remakab ak travay di yo te fè jou sa a vin yon reyalite".

Anplis sant vizitè 6.1 milyon dola a, pwojè pòtay la pral amelyore estetik pak la epi amelyore eksperyans vizitè yo pandan yo rive nan pak la. Amelyorasyon yo enkli: renovasyon wout pak la; enstale nouvo ray gid an bwa; ajoute de nouvo estasyon rechaj veyikil elektrik; amelyore zòn pakin yo; ajoute nouvo pasaj pyeton ADA ki aksesib; pote dlo potab piblik potab nan pak la pou premye fwa; enstale enfrasitrikti jesyon dlo lapli ak jesyon egou; sèvis piblik soutèren yo; ajoute plant ak peyizaj endijèn, ak lòt amelyorasyon yo nan sit la.

Premye faz la, ki te konplete an 2017, rekonfigire zòn antre prensipal sou Route 44/55 pou kreye kapasite pou anpile jiska 50 veyikil k'ap tann pou yo antre nan prezèvasyon an e li te ajoute opsyon pèman frè pakin otomatik pou soulaje konjesyon sikilasyon ak amelyore sekirite nan jou ki gen anpil vizit yo. Kòm yon pati nan patenarya a, OSI te ranmase 3 milyon dola nan fon prive ak sibvansyon pou konsepsyon bilding, ekspozisyon modèn ak lòt amelyorasyon ak karakteristik pou sant vizitè.

Investisman adisyonèl nan pak la depi 2011 ki gen ladan envesti 4.75 milyon dola nan fon piblik ak prive pou renove plis pase 33.79 km wout charyo, ak 2.1 milyon dola pou

ouvri teren kan Shawangunk Gateway la an patenarya ak Mohonk Preserve American Alpine Club an 2015.

Joshua Laird, Direktè Egzekitif Palisades Interstate Park Commission te deklare, "Avèk nouvo sant vizitè espektakilè sa a, pak la pral gen yon kapasite ki amelyore anpil pou akeyi vizitè yo ak enfòmasyon sou bèl ekosistèm pak la, ki poutan frajil epi oryante yo nan evantay santye randone a, opòtinite lwazi, ak destinasyon senik anndan prezèvasyon an. Komisyon an rekonesan anvè Gouvènè Cuomo ak patnè nou yo nan Pak Eta New York yo ak Open Space Institute paske yo fè pwojè sa a ateri".

Senatè Jen Metzger te deklare, "Pak Eta Minnewaska se youn nan kote ki pi espektakilè nan Hudson Valley a ak nan nòdès Etazini an, epi youn nan destinasyon mwen pi renmen pwomenn, moute bisiklèt, ski, ak naje. Mwen trè kontan paske mwen patwone yon sibvansyon kapital pou ede finans konstriksyon teras ki bay sou lak la, epi mwen vle ekspri apresyasyon mwen pou Open Space Institute ak tout patnè ki rann nouvo sant vizitè a posib. Pandemi an deja gen gwo enpak sou kominote nou yo, epi mwen vrèman kwè ke pwojè tankou sa a ede nou rebati pi fò ak kreye yon ekonomi ki pi rezilyan. Nouvo Sant vizitè sa pral atire plis vizitè nan pak la ak nan konte Ulster, ak edike yo sou richès natirèl enkwayab nan rejyon an, approfondi apresyasyon nan tout sa nou gen pou ofri yo ak pote plis dola touris nan ekonomi lokal la".

Kevin Cahill, ki se Manm Asanble a te deklare, "Ouvèti Sant Vizitè Minnewaska a reprezante pwèn kilminan jenerasyon san yon fason literal, swe ak dlo nan je pou asire ke yo prezève bote primitif nan zòn manyifik nou an epi pou desandan nou yo konprann li. Enstalasyon sa yo pa gen entansyon atire vizitè yo. Olye de sa, yo fasilite moun ki vini isit la. Yo gide yo. Yo sètènman fe limyè sou sa ke yo pa ta dwe rate, men yo raple nou tou nan sa ke yo pa ta dwe deranje. Devlopman reflechi nan nivo apwopriye sa nan vas prezèvasyon sa pral sèvi misyon sa yo pou jenerasyon kap vini yo. Mwen trè fyè de efò nou yo ak sa yo ke anpil zanmi pote ki mennen nou nan jòdi sa a".

Manm Asanble Brian Miller te deklare, "Sa a se yon trè bon nouvèl pou rejyon an. Shawangunks se yon destinasyon pou antouzyas deyò nan tout eta a ak atravè nasyon an. Koulye a, dè santèn milye envite yo nan bèl rejyon sa a nan Eta New York pral gen yon sant vizitè ki koresponn ak bote nan 'The Gunks'. Patenarya eta a ak Open Space Institute te lakòz yon bèl etablisman ki pral bay ekipman pou piblik la kounye a ansanm ak enfòmasyon edikatif ak espas".

Chèf Egzekitif Konte Ulster a, Pat Ryan te deklare, "Mwen kontan pou sipò etonan ke yo pote pou amelyore ak restore eksperyans vizitè yo nan Pak Eta nan Minnewaska. Nouvo sant vizitè a pral yon avantaj pou rezidan yo nan Konte Ulster ak ede elaji endistri touris lokal nou an ansanm ak kontinye ranfòse repitasyon Minnewaska a kòm youn nan byen lwazi presye nan rejyon an. Mwen remèsye Gouvènè Andrew Cuomo pou angajman kontinyèl li anvè lwazi ak Konte Ulster".

Sipèvizè vil Rochester a, Mike Baden te deklare, "Vil Rochester fyè dèske li se jwayo kouwòn Sistèm Pak NYS (NYS Park System) la lakay nou. Pak Eta Minnewaska a

ekspeze dè santèn milye vizitè chak ane nan abondans Vil Rochester a. Bote senp sant vizitè sa a pral kontinye vizyon sa a pou deseni k'ap vini yo".

9,712 ekta Prezèvasyon Pak Eta Minnewaska a se twazyèm pi gwo pak eta New York. Yo te ajoute plis pase 1,011.71 ekta nan prezèvasyon an anba administrasyon Gouvènè Cuomo a. Sitiye anlè yon eskapman an wòch ki mezire 2,000 pye, Prezèvasyon Pak la gen ladan 56.32 km wout charyo ki gen pousyè ak wòch, 80.46 km santye, ak kat "lak selès" primitif. ak yon ekosistèm pye pen ti tay ra nan Zòn Sam's Point lan, epi se prèske 500,000 moun ki vizite li chak ane.

Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik Eta New York (New York State Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) la sipèvize plis pase 250 pak endividyèl, sit istorik, santye rekreatif ak lansman bato, ke yon kantite rekò 77 milyon moun te vizite an 2019. Resaman, yon etid inivèsite te jwenn ke depans State Parks yo ak vizitè yo fè rapòte 5 milya dola nan pwodiksyon ak lavant, sipòte 54,000 djòb nan sektè prive an, epi plis pase 2.8 milya dola anplis pou PEB (an kreyòl, Pwodwi Enteryè Brit) Eta a. Pou plis enfòmasyon sou nenpòt nan zòn lwazi sa yo, vizite www.parks.ny.gov, telechaje [aplikasyon mobil NY State Parks Explorer](#) la gratis oswa rele nan 518.474.0456. Epiou, konekte avèk nou sou [Facebook](#), [Instagram](#) ak [Twitter](#).

Komisyon Pak Palisades Interstate (Palisades Interstate Park Commission, PIPC) te fòme an 1900 pou ede prezève falèz New York ak New Jersey Palisades anba yon kontra ant eta e se premye patenarya ant de eta nan peyi a ki etabli pou pwoteje ak prezève tè natirèl yo. Jodi a PIPC sipèvize apeprè 20 pak ak sit istorik soti nan Fort Lee, NJ rive Saugerties, NY, ki kouvri plis pase 50,585.70 ekta ak nèf milyon vizitè anyèl. Premye travay Komisyon an te ede enspire domèn emèjan nan jesyon anviwònman ak edikasyon, lanse objektif la ekspeze timoun yo nan lanati atravè teren kan gwoup li yo, e li te sèvi kòm yon premye modèl pou kwasans sistèm pak nasyonal la. Logo an fèy erab ak bwadchenn li an reprezante pye bwa ofisyèl eta New York ak New Jersey a.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)